Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңесиниң

Ш Е Ш И М И

« 08» -январь « 2018 » -жыл **32/91 -сан**

Районда 2018-жылда Жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2007 жыл 6-апрель «Халықтың бәнтлигин асырыў, мийнет уйымларының жумысларын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-616-санлы қарары Өзбекистан Республикасы «Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси», 1998 йил, 5-6-сон, 97-м.)ның 17-статьясына, Қарақалпақстан Республикасы «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Нызамының 5 ҳәм 21-статьяларына тийкар Қараөзек районлық Халық депутатлары Кеңеси

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. Қараөзек районында 2017-жылы жумыс орынларын шөлкемлестириў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў Бағдарламасының орынланыўы ҳәм 2018-жылда Жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў ҳаққындағы районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры Г.Тажимуратова баянаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңесиниң «2018-жылы Жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў ҳаққында»ғы шешими тастыйықлансын.

3. Районда 2018-жыл Жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бойынша дәстүр 1-санлы қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Киши бизнес, хызмет көрсетиў ҳәм сервис тараўын, шаңарақ исбилерменлги ҳәм ислеп шығарыўды раўажландырыў, қурылыс ҳәм инфраструктура жойбарларын амелге асырыў арқалы жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәмде халықтың бәнтлигин асырыў бойынша районлық исши топар қурамы 2-санлы қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

5. Районлық исши топар ағзаларына:

ҳәр айда кеминде бир мәртебе аймақларға шыққан ҳалда 2018-жылда жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў дәстүриниң орынланыўын жақыннан үйренип аймақлық дәстүрге киритилген ҳәр бир объекттиң өз ўақтында иске түсирилиўи, дәстүр параметрлериниң толық ҳәм сыпатлы орынланыўы үстинен қадағалаў жумысларын алып барыў;

әмелге асырылып атырған жумыслар бойынша ҳәр айда район ҳәкимлиги жанындағы исши топар хаткерине есабат берип барыў тапсырылсын.

6. Жаратылған жаңа жумыс орынларының ҳақыйқатлығын тәмийинлеў ушын жумыс орынларын жаратыў туўралы барлық мағлыўматлар ҳәм тастыйықлаўшы ҳүжжетлер тийисли орынлаўшылар тәрепинен (мекеме, кәрхана, коммерциялық банклер х.т.б) ҳәр айдың жуўмағы менен исши топар хаткерине тапсырылып барылыўы ҳәмде районлық бәнтликке көмеклесиў орайы (Г.Тажимуратова), районлық аймақты комплекс раўажландырыў бөлими (К.Хожалепесов) ҳәм статистика бөлими (А.Жолдасбаев) тәрепинен жәмленип, есабатқа киритилип барылыўын тәмийинлесин.

7. Усы шешимниң қабыл етилиўине байланыслы Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңесиниң 2016-жыл 30-декабрь күнги XX/53-санлы қарары бийкар етилсин.

8. Шешим районлық «Мийнет байрағы» газетасында ҳәмде ҳәкимликтиң веб сайтында жәриялансын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Социаллық мәдений раўажландырыў ҳам тәбиятты қорғаў мәселелери бойынша турақлы комиссияға тапсырылсын.

Халық депутатлары
Қараөзек районлық Кеңесиниң баслығы: **Д.Утемуратов**

KO'SHI' ME
DUF

Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңесининң
2018-жыл 08-январ кунги
32/91-санлы шешими
1-қосымша

Қарақалпақстан Республикасы Қараөзек районында 2018-жылда халықтың бәнтлигин тәмийинлеўдиң ПРОГНОЗ ПАРАМЕТРЛЕРИ

№	Халықтың бәнтлигин тәмийинлеўдиң жөнелислери	Қараөзек
	ЖӘМИ ХАЛЫҚТЫҢ БӘНТЛИГИН ТӘМИЙИНЛЕЎ	**1484**
	сондай-ақ	
I	**Аймақлық хәм санаат дәстүрлерин әмелге асырыў нәтийжесинде халықты турақлы жана жумыс орынлары менен тәмийинлеў**	**322**
1.	Тастыйықланған дәстүр тийкарында халықтың бәнтлигин тәмийинлеў	309
	соннан:	
	санаатта	228
	хызмет көрсетиўде, сондай-ақ социаллық инфраструктураларда	30
	аўыл хожалығында, сондай-ақ интенсив баглар хәм ыссыханалар	51
2.	Социаллық инфраструктураларды раўажландырыў есабынан	42
3.	Инвестицион проектлер хәм "Жол карталары", Мешшиклестирилген кәрханаларды раўажландырыў есабынан	13
II	**Ўақтыншалық хәм мәўсимлик жумыс орынларында, уй-жай, инфраструктура объектлерин қурыў хәм абаданластырыўда халықтың бәнтлигин тәмийинлеў**	**610**
1.	Аўыллық жерлерде халық жасайтуғын уйлер қурыўда, көпханалы уйлер хәм жол-инженерлиги инфраструктураларының қурылысында	110
2.	Бәнт болмаған халықты жәмаатлик жумысларға қамтыў	500
3.	Халықты ўақтынша бир мәртелик жумысларда бәнт қылыў бюросы арқалы ўақтыншалық жумыс орынларында бәнт қылыў	
III	**Киши бизнес хәм жеке исбилерменликте халықтың бәнтлигин тәмийинлеў**	**133**
1.	АКБ "Микрокредитбанки" хәм басқада коммерциялық банклер тәрепинен киши бизнести, шаңарақ исбилерменликти хәм жеке исбилерменликти раўажландырыў ушын ажратылған микрокредитлер есабынан	63
2.	Жеке исбилермепликти раўажландырыў есабынан (халықтың бәнтлигинин тәмийинлеўдиң өсиўи)	12
3.	Өнерментшиликти раўажландырыў есабынан	58
IV	**Бос хәм квота жумыс орынларына жайластырыў**	**419**
1.	Социаллық қорғаўға мүтәж халықты, жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын квота қылынған жумыс орынларына	48
2.	Миллий вакансиялар базасындағы бос жумыс орынларға жумыссызларды жумысқа орналастырыў	249
3.	Жумыссызларды кәсипке қайта оқытыў есабынан бәнтлигин тәмийинлеў	65
4.	Мийнет органларынан консультация бериў хәм Сыртқы мийнет миграциясы Агентлиги арқалы шет елде жумысқа орналастырыў	57

Халық депутатлары Қараөзек
Районлық кеңесиниң
2018-жыл 10-январь
32/91- санлы шешимине
2-қосымша

Киши бизнес, хызмет көрсетиў ҳәм сервис тараўын, шаңарақ исбилерменлигин ҳәм ислеп-шығарыўды раўажландырыў ҳәм қурылыс ҳәм инфраструктура жойбарларын амелге асырыў арқалы жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәмде халықтың бәнтлигин асырыў бойынша районлық исши топар қурамы

Ф.И.Ш.	**Лаўазымы**
Д.Утемуратов	- Район ҳәкими, исши топар баслығы
Б.Ильясов	- Район ҳәкими биринши орынбасары, исши топар баслығының орынбасары
К.Хожалепесов	- Районлық аймақты комплекс раўажландырыў бөлими баслығы, исши топар хаткери

Исши топар ағзалары

Г.Тажимуратова	- Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры
Д.Пирниязова	- Районлық Қаржы бөлими баслығы
С.Досбергенов	- Районлық Аўыл ҳәм суў хожалығы баслығы
Е.Ерниязов	- Районлық Фермерлер Кеңеси баслығы
М.Толыбаев	- Районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы баслығы
А.Жолдасбаев	- Районлық Статистика бөлими баслығы
Ж.Садыхов	- Районлық Архитектура ҳәм қурылыс бөлими баслығы
Қ.Бердимуратов	- Райондағы Аўыл хожалық кәсип өнер колледжи директоры
Ш.Бекниязова	- Райондағы Экономика ҳәм турмыс хызмети кәсип өнер колледжи директоры
Р.Бектурганов	- Райондағы Агросанаат кәсип өнер колледжи директоры
М.Гулимбетов	- Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысларын муўапықластырыў бойынша Қараөзек районлық Кеңеси баслығының биринши орынбасары

Еслетпе: исши топар қурамына райондағы пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары басшылары ҳәм кәрхана басшылары киритиледи.